



Pou Piblikasyon Imedya: 16/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRIM TWAZYÈM KONTRA KONSTRIKSYON POU PWOJÈ VYADIK I-81 TRANSFÒMATÈ NAN VIL SYRACUSE

Anplè twazyèm kontra a bay pasrèl pou pati nò vil la atravè echanjè ki nouvo ak amelyore sou fiti bouk komèsyal 81 an

Rekonstriksyon lari vil yo ak nouvo pon yo pral ranfòse sekirite ak mobilite pou chofè, pyeton ak siklis yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a prim twazyèm kontra konstriksyon pou Pwojè Vyadik Interstate 81 an k ap pote transfòmasyon. Pwojè a, pi gwo nan istwa Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT), pral ranplase yon otowout ki wo nan Anba Lavi Syracuse avèk yon Rezo Kominotè ki pral rekonekte katye yo, ki pral amelyore mobilite epi ki bay nouvo opòtinite pou kwasans atravè Sant New York. Sibvansyon kontra 218.9 milyon dola a bay Salt City Constructors, LLC kòmanse rekonstriksyon lari vil yo nan Pò Alenteryè (Inner Harbor) ak sou bò nò a epi li bati sou konstriksyon ki deja fèt nan echanjè nò ak sid Interstate 81 ak 481.

"Avèk twazyèm kontra a yo bay kounye a, New York ap avanse byen vit ak pwojè prensipal sa a pou demoli vyadik la." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Travay ki fèt nan Pò Alenteryè ak sou bò nò Syracuse ka pral mete vil la yon pa pi pre pou rekonekte katye ki te dechire atò depi plizyè jenerasyon."

Twa nan uit kontra konstriksyon separe yo espere akòde kòm yon pati nan Pwojè Vyadik I-81 an konsantre sou konsolide plizyè ranp sou I-81 nan direksyon sid ak yon nouvo ranp sou wout ki konekte ak Bouk Komèsyal (Business Loop, BL) 81 an nan direksyon sid. Travay la gen ladann nouvo echanjè ak amelyore nan direksyon sid nan North Clinton ak Bear Streets, sou pwochen BL 81, ki kreye yon pasrèl nan bò nò vil la epi ki pral pèmèt aksè pi an sekirite nan biznis ak rezidans. Anplis de sa, North Clinton Street pral rekonstwi soti nan Bear Street rive nan Genant Drive, epi li pral gen ladan nouvo chose, twotwa sou chak bò ak pakin bò twotwa. Nouvo North Clinton Street ki gen plizyè pye bwa a pral bay chemen pou itilize ki pataje soti nan Court Street nan sid rive nan entèseksyon Genant Drive.

Twazyèm kontra a pral tou amelyore sekirite ak mobilite pou otomobilis, pyeton, ak siklis, ak ranplasan twa pon ki konekte bò nò ak pò alenteryè a. Pon Bear, Court, ak Spencer Street yo pral ranplase avèk estrikti ki pi laj ki gen ladan twotwa epi ki pral ajiste ak fiti BL 81 ki agrandi a. Y ap mete yon chemen pou itilize ki pataje tou sou pon Court ak Spencer Street yo.

Fonksyonalite siplemantè pwojè a gen ladan:

- Enstalasyon twotwa yo pou diminye distans pasaj pyeton yo.
- Prèske 800 nouvo pye bwa, ekleraj lari dekoratif ak nouvo limyè sikilasyon.
- Amelyorasyon pou pyeton nan anpil pati nan Bear Street ki konekte bò nò ak Santye Empire State la.
- Amelyorasyon nan echanjè I-690 nan direksyon lès ak Bear Street, ki bay yon koneksyon ki pi efikas ak an sekirite.

Nan ete 2023 a, Gouvènè Hochul, ansanm ak lidè federal, eta ak lokal yo te kòmanse travay sou Pwojè Vyadik I-81 an. Pi gwo kontra konstriksyon youn ak de ap dewoule epi esansyèl pou kenbe yon koneksyon ant eta yo a gwo vitès avèk wout komès nasyonal ak entènasyonal nò-sid soti nan Tennessee rive nan fwontyè Kanadyen an. Ansanm, yo konsantre sou rekonstriksyon I-81/I-481 ki egziste deja nan bò ak sid nan BL 81 ak I-81.

Pwojè inovatè vyadik I-81 an fè pati angajman san parèy Gouvènè Hochul pou modènize enfrastrikti Eta New York ak investi nan pwojè ki pwomouvwa ekite, konektivite ak opòtinite transpò milti-modal pou kominote yo toupatou nan eta a. Plan Kapital Eta NYSDOT 33 milya dola ki te adopte an 2022 a ede akonpli vizyon Gouvènè a pou yon sistèm transpò modèn ki sèvi Nouyòkè yo atravè eta a. Pwojè a pral finanse avèk yon melanj resous federal ak eta.

Pwojè 2.25 milya dola a gen pou objektif ranvèse desizyon mal reflechi ki te pran nan ane 1950 yo pou konstui vyadik la nan kè Vil la epi, gras ak konstriksyon Rezo Kominotè a, bay nouvo opòtinite pou gen enkilzyon ak ekite. Rezo Kominotè a ap soulaje pwoblèm anbwouteyaj sikilasyon nan vil la ki egziste deja ak amelyore aksè ki soti depi nan rezo otowout ki relye eta yo pou rive nan destinasyon kle yo, ki gen ladan distri biznis ki nan sant vil yo, lopital ki nan zòn yo ak Inivèsite Syracuse la. Li pral bay nan tout zòn pwojè a tou amenajman pou pyeton ak pou bisiklèt ki aksesib konfòmman ak ADA.

Gwo angajman kominotè ak patenarya ak Administrasyon Otowout Federal la ak vil Syracuse, te mennen nan youn nan premye dispozisyon pou anbochaj lokal yo te apwouve dapre Lwa Bipatit sou Enfrastrikti a. Li ankouraje anbochaj rezidan lokal ki soti nan kòd postal nan kominote defavorize yo avèk yon salè ki anvigè. Objektif la se pou chak kontra gen 15 pousan nan mendèv li ki reprezante travayè yo anboche lokalman. Jodi a, premye kontra a nan 13.57 pousan nan objektif 15 pousan ak dezyèm kontra a nan 19.19 pousan, pou yon total konbine 16.38 pousan. Twazyèm kontra a pral bati sou siksè sa a nan kreye opòtinite san parèy pou rezidan yo travay sou pwojè a avèk ti kras oswa san ksperyans epi pote lakay chèk salè ki enpòtan.

Nan alyans ak patnè kominotè yo, Depatman Transpò Eta New York ap kolabore ak gwoup travay yo, ki gen ladan Pathways to Apprenticeship, WorkSmartNY Syracuse Build, Urban Jobs Task Force, CNY Works, ak Depatman Travay Eta New York Workforce Forward la: Syracuse, pou rekrute ak fòme moun ki enterese nan travay sou pwojè a.

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Pwojè Vyadik I-81 an pral vrèman chanje jwèt la pou Sant New York, reyini kominote yo divize depi lontan epi transfòme tout yon rejyon. Bay twazyèm kontra a se yon reflè dirèk nan angajman nou pou konplete pwojè sa a, epi nou p ap sispann jiskaske vyadik ki divize kominote yo demoli epi retabli yon rezo transpò ki rekonekte katye yo!"

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Avèk twazyèm kontra konstriksyon yo akòde kounye a pou transfòmasyon I-81 nou yon pa pi pre vizyon sa a depi lontan pou rekonekte ak dinamize Syracuse ki vin yon reyalite. Byento travay yo pral kòmanse pou finalman rekonstwi lari ak pon vil nou yo nan Inner Harbor ak sou bò nò a, ki gen ladan nouvo liy bisiklèt ak pi laj twotwa, pou pi byen konekte Syracuse ak nouvo opòtinite ak yon avni ki pi briyan. Lè m te mennen nan adopsyon Lwa Biptatit sou Enfrastrikti ak Travay, mwen te fè sa ak pwojè tankou transfòmasyon I-81 Syracuse la kòm zetwal nò mwen an. Kounye a, pandan konstriksyon ap kontinye avanse anpil atravè travay konstriksyon sendikal yo, anboche soti isit la nan kominote a, nou yon pa pi pre pou fòme yon ekosistèm transpò ekitab, aksesib ki amelyore kalite lavi ak vitalite ekonomik pou tout Syracuse. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Majistra Walsh pou patenarya ak lidèchip yo nan inisyativ enpòtan sa a".

Senatè Eta a John Mannion, te deklare, "Kòm youn nan pi gwo pwojè nan listwa eta a, reyamenajman I-81 pral transfòme Sant New York epi kreye katye ki pi konekte, dinamik ak pwospè nan Vil Syracuse. Travay kontinyèl, planifikasyon, ak akò kontra yo montre ke tout aspè nan ranplasman vyadik la ap vanse. Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul ak pou travay di anpil fonksyonè piblik devwe nan Depatman Transpò."

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Pwojè I-81 an te plane sou avni Syracuse depi plis pase yon deseni. Li enteresan pou finalman wè travay yo kòmanse a epi pwojè enfrastrikti masiv sa a sou pye. Pandan eta a akòde dènye kontra a, nou dwe kontinye re-vesti nan kominote nou an epi asire ke moun ki afekte nan I-81 benefisye bon jan kalite travay pwojè rezo kominotè a te pote. Demoli otowout ki wo a pa sèlman vle di pou amelyore enfrastrikti nou an, men tou yon fason pou ini epi fè Syracuse avanse nan yon avni meye. Lidèchip Gouvènè Hochul te yon bagay ki enpòtan, epi gras ak kòlèg mwen yo ke sipò yo te gen anpil valè."

Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare, "Pwojè Vyadik I-81 an pral gen yon enpak siyifikativ sou tout rejyon Sant New York la. Lè nou rekonstwi lari yo nan Pò

Alenteryè ak Pati Nò a, Eta a ap prepare kominote a pou li pi byen adapte pou adrese chanjman nan modèl sikilasyon ki pral fèt akòz konstriksyon rezo kominotè a."

Manm Asanble AI Stirpe te deklare, "Liberasyon twazyèm kontra a nan tranzisyon I-81 an montre nou ap fè gwo pwogrè sou pi gwo pwojè nan istwa Syracuse. Etap sa a make yon lòt pa nan direksyon pou amelyore enfrastrikti nou an, rekonekte kominote yo, ak ankouraje kwasans ekonomik nan tout rejyon an. Non sèlman sa pral amelyore mobilite ak sekirite atravè nouvo echanjè yo, li pral pèmèt tou amelyorasyon ki bon pou pyeton yo."

Pou jwenn dènye enfòmasyon yo, rele 511, vizite www.511.org, oswa sit mobil la nan m511ny.org.

Suiv Pwojè Vyadik I-81 an sou X (ansyen Twitter): @NYSDOTI81. Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYSDOTI81.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)